

# Gid Inisyasyon Rapid


## Anrejistre Favori oubyen Makè Paj nan Aparèy Pòtab ou

Pwosesis pou anrejistre yon makè paj nan yon telefòn kapab varye lejèman selon navigatè w ap itilize a. Toutfwa, etap jeneral sa yo parèy pou pifò navigatè yo.

Men kijan ou kapab anrejistre yon makè paj sou navigatè yon telefòn:

### 1 Etap 1 - Ouvri Navigatè Ou

Lanse navigatè entènèt la sou telefòn ou. Li kapab Google Chrome, Safari, Mozilla Firefox, Microsoft Edge, oswa nenpòt lòt navigatè ou te enstale.





## 2

## Etap 2 - Ale sou Sit Entènèt Pòtay EVV a

Itilize ba adrès la pou antre URL sit entènèt ou vle anrejistre kòm makè paj la, nan ka sa:


<https://ucp.hhaexchange.com/login>



The screenshot shows a mobile browser interface for the HHAExchange website. At the top, the status bar displays the time 16:02, signal strength, Wi-Fi, and 50% battery. The browser's address bar shows the URL [ucp.hhaexchange.com](https://ucp.hhaexchange.com). The main content area features the HHAExchange logo, followed by two input fields labeled "Email" and "Password". Below these fields is a blue "Log In" button and a link for "Forgot Password?". At the bottom of the page, there are language options: "Español | 中文 | ", copyright information "© 2023 HHAExchange", and links for "Privacy Policy" and "Terms of Use". The browser's navigation bar at the very bottom includes back, forward, search, and tab icons.

### 3

## Etap 3 - Aksede ak Opsyon Makè Paj yo



### **Pou Google Chrome**

**(Android):** Tape twa pwen (ikòn meni) nan kwen anwo adwat la pou ouvri meni an. Apre, seleksyone ikòn “Star” (Zetwal) oswa “Bookmark” (Makè Paj) pou anrejistre paj aktyèl la kòm yon makè paj.



**Safari (iOS):** Tape sou ikòn “Share” (Pataje) a (souvan yon kare ak yon flèch nan direksyon anwo) anba ekran an. Apre, seleksyone Add Bookmark (Ajoute Makè Paj) nan opsyon yo.




### **Mozilla Firefox (Android/iOS):**

Tape twa pwen (ikòn meni) nan kwen anwo adwat la, apre seleksyone “Page Options” (Opsyon Paj) yo. Apati pwen sa, ou kapab chwazi “Bookmark” (Makè Paj) pou anrejistre paj la.



### **Microsoft Edge (Android/iOS):**


Tape twa pwen (ikòn meni) nan kwen anwo adwat la. Chwazi “Favorites” (Favori) pou ajoute paj aktyèl la nan favori ou yo.



# 4


## Etap 4 - Pèsonalize Makè Paj la

Yon bwat dyalòg oswa paj pral parèt kote ou kapab modifye non makè paj la epi chwazi yon dosye pou anrejistre li ladan (si ou gen dosye ki òganize pou makè paj yo).



## 5 Etap 5 - Anrejistre Makè Paj la


Aprè ou fin fè chanjman ou te vle yo, tape sou “Save” (Anrejistre” oswa “Done” (Fini) (selon navigatè a) pou anrejistre makè paj la. Li pral ajoute nan lis makè paj oswa favori ou yo.




## 6

### Etap 6 - Aksede ak Makè Paj Anrejistre yo

Pou aksede ak makè paj anrejistre w yo apre, ale nan ikòn makè paj oswa favori a nan meni a oswa ba zouti a.



Tape sou ikòn sa, epi ou ta dwe wè list makè paj anrejistre w yo.



Tanpri remake ikòn sa ak opsyon yo kapab varye lejèman selon vèsyon navigatè a ak mizajou yo. Etap sa yo baze sou liy direktiv jeneral, si w ap itilize yon navigatè diferan, pwosesis la kapab gen kèk varyasyon, men li ta sipoze gen prèske menm etap.

**Ou kapab anrejistre yon favori oubyen makè paj nan Pòtay EVV a kounye a.**